



Pou Piblikasyon Imedya: 25/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ CUOMO SOU KRIM RAYISANS YO RAPÒTE KONT GASON JWIF ÒTODÒKS LA NAN MANHATTAN

"Mwen te endinye pou aprann atak fizik ak vèbal kont yon gason Jwif Òtodòks nan anwo Bò Lès (upper East side) Manhattan Madi a. Zak anti-Semitis detestab ak lach sa a repiyan pa rapò ak prensip nou yo, epi li menm plis detestab ankò ke li te rive pandan fèt yo.

Mwen ap bay enstriksyon ak fòs entèvansyon kont krim rayisans nan Lapolis Eta (State Police hate crimes task force) a pou bay asistans ak Depatman Lapolis New York (NYPD) lan nan ankèt li a epi pou rann agresè a responsab nan tout mezi lalwa pèmèt.

Mwen te di sa avan epi mwen ap di li ankò: Nou gen absoliman zewo tolerans pou egoyis ak rayisans, epi nou pral kontinye denonse li chak fwa ak kèlkeswa kote li montre tèt lèd li a".

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)